

PIWULANG AGAMA ISLAM SAJRONE KITAB NGALAM NGIBARAT

Muhammad Afik

Pembimbing: Dra. Suwarni, M.Pd

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA (kartamarma3@gmail.com)

Abstrak

ABSTRAK

Sastra iku tuwuh amarga anane daya *imajinasi* saka pangripta lan kahanan kang ana ing panguripane manungsa saben dinane. Sajrone proses kanggo ngasilake lan menahi sawijine pamawas yen sastra iku minangka gegambarane kahanan sosial ing masyarakat, karya sastra uga ngemot piwulang lan tuntunan marang pamaose.

Underaning prekara kang pinilih sajrone panliten yaiku: (1) kepriye dheskripsi *Kitab Ngalam Ngibarat*, (2) kepriye suntingan teks *Kitab Ngalam Ngibarat*, (3) kepriye piwulang agama islam kang kinandhut sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat*. Tujuwan saka panliten yaiku: (1) ngandharake dheskripsi *Kitab Ngalam Ngibarat*, (2) ngandharake suntingan teks *Kitab Ngalam Ngibarat*, (3) ngandharake piwulang agama islam kang kinandhut sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat*.

Paedah saka panliten dikarepake bisa nduweni paedah kanggo panliten-panliten sastra jawa anyar utawa sastra jawa klasik kang nggunakake tintingan filologi. Bisa kanggo pandom tumrap wong kang kepingin nyinaoni bab naskah jawa, sarta bisa kanggo kawruh tumrap pamaca kang sadurunge durung mangerteni ngenani kawruh kang kinandhut sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat*. Bisa digunakake bahan ajar ngenani agama islam lan moral ing sekolah-sekolah. Kanggo ngonceki undheraning panliten ngenani *Kitab Ngalam Ngibarat* iki ngunakake teori filologi, struktur puisi lan piwulang agama islam.

Teori kang digunakake sajrone panliten yaiku teori filologi modern lan struktur puisi. Konsep piwulang agama islam digunakake kanggo medharake isi kang kinandhut sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat*. Panliten iki nggunakake metode *deskriptif analitik*. Teori kang digunakake yaiku teori *hermeneutika* kanthi napsirake makna kang ana sajrone teks. Data-data sajrone panliten iki dikumpulake kanthi cara diwenehi tetenger nganggo *bolpoin* kang warna-werna rupane.

Asiling panliten nuduhake dheskripsi naskah, suntingan naskah, sarta isine naskah. Piwulang agama islam sajrone panliten iki diperang dadi telung wujud yaiku syariah, akidah, lan akhlak. Syariah sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat* yaiku sembahyang, mbangun balewisma, lan tobat. Akidah sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat* yaiku iman, sipat-sipat Allah, percaya marang malaikat, asale manungsa, lan nrima karsane Allah. Akhlak sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat* yaiku andhap asor, bekti marang guru, bekti marang wong tuwa, bekti sajrone balewisma, lan sabar.

Tembung wigati: piwulang agama islam, filologi, hermeneutika.

PURWAKA

1.1 Landhesane Panliten

Sastra iku tuwuh amarga anane daya *imajinasi* saka pangripta lan kahanan kang ana ing panguripane manungsa saben dinane. mula saka iku karya sastra sing tuwuh ngrembug perkara kedadeyan kang ana ing panguripan. Sajrone proses kanggo ngasilake lan menahi sawijine pamawas yen sastra iku minangka gegambarane kahanan sosial ing masyarakat, karya sastra uga ngemot piwulang lan tuntunan marang pamaose.

Sastra Jawa iku miturut panulisane diperang dadi patang *periode*, yaiku Sastra Jawa Kuna, Sastra

Jawa Madya utawa *Pertengahan*, Sastra Jawa Anyar lan Sastra Jawa *Mutakhir* (Purnomo, 2011:20). Sastra Jawa Anyar diperang dadi rong golongan yaiku Sastra Jawa Klasik lan Sastra Jawa Pesisiran. Penggolongan kasebut adhedhasar saka panggonan pangrembakane, yaiku ing daerah pedhalaman utawa keratin lan ing daerah pesisiran (Purnomo, 2011:23). Rong golongan karya sastra kasebut nduweni titikan kang beda, yen Sastra Jawa Pesisiran iku luwih cundhuk marang piwulang agama Islam, dene ing Sastra Jawa Klasik iku luwih cundhuk karya-karya kang isine ngenani pitutur.

Kasusastran kang katulis kanthi aksara Jawa lan aksara pegon kasebut naskah. Naskah minangka tetinggalan kasusastran ing jaman biyen kang bisa menahi katrangan kanthi cetha yaiku naskah (Soeratno, 1997:9). Naskah yaiku tinggalane *leluhur* kang tinulis tangan ing kertas, lontar kulit kayu, lan rotan (Djamaris, 2002:3). Dideleng saka wujud naskah ana kang awujud gancaran utawa tembang. Dene kandhutan sajrone naskah-naskah ing antarane yaiku ngenani piwulang, keagamaan, primbon lan sapiturute kang ngandhut nilai luhur. Saben naskah mesthi nduweni tetenger lan ajaran (moral, agama, kautamaning urip, lan sapiturute). Naskah kang isine babagan piwulang kang kena kanggo tuntunane urip ing antarane yaiku *Kitab Ngalam Ngibarat*.

Serat *Kitab Ngalam Ngibarat* salah sawijine sastra Jawa Pesisiran kang awujud naskah. Serat *Kitab Ngalam Ngibarat* ditulis nggunakake aksara Jawa lan awujud tembang macapat. Cacahe kaca ana 186 kaca. Serat *Kitab Ngalam Ngibarat* kasimpen ana ing museum Kambang Putih, kang dununge ana ing Tuban.

Serat *Kitab Ngalam Ngibarat* iki basane gampang dimangerteni jalaran basa kang digunakake basa Jawa gagrag anyar, nanging uga ana pirang-pirang tembung kang nggunakake tembung Kawi lan tembung Arab. Menawa wae kanthi nggunakake basa kaya mangkono serat iki bisa gampang dimangerteni dening pamaos utawa para panliti. Isi kang kinandhut sajrone serat iki ngenani piwulang. Piwulang mau kanggo tuntunan bab solah bawa lan cara kang kudu dilakoni supaya bisa mengerteni sejatining titah utawa hakikat dhiri minangka makhluk Gusti Kang Maha Kuwasa (Purnama, 2011 : 57).

Kitab Ngalam Ngibarat dipilih dadi objek panliten adhedhasar saka telung perkara. Panliten ngenani serat *Kitab Ngalam Ngibarat* durung ana kang nlliti. Kaping pindho, naskah iki minangka salah sawijine naskah lawas kang kudu diuri-uri, jalaran ngandhut nilai luhur kang becik kanggo patuladhan ing alam bebrayan. Kaping telu, ngemot piwulang becik kanggo mahami makna urip supaya bisa mangerteni sejatining titah utawa hakikat dhiri minangka makhluk Gusti. Serat iki uga nggunakake aksara Jawa kang narik kawigaten panliti, mula panliti nduweni *tantangan* anggone maca naskah kudu mindhah aksara Jawa menyang

aksara latin luwih dhisik supaya ngerteni isining naskah.

Adhedhasar andharan ing dhuwur, mula ing kalodhangan iki panliten njupuk irah-irahan “Piwulang Agama Islam sajrone Kitab Ngalam Ngibarat (Tintingan Filologi)”. Panliti uga nggango prinsip filologi kang dheskripsiake supaya luwih cetha lan trep anggene ngawruhi apa kang kinandhut ing serat iki. Deskripsi naskah yaiku gambaran naskah kang mligi. Cundhuk karo diandharake Purnama (2013:40) ing bukune Filologi lan Studi Satra Lama yaiku menawa bakal ngandharake ngenani dheskripsi naskah kurang luwih kudu nggatekake 10 perangan 1) panggon kang kanggo nyimpen naskah, 2) nomer naskah(yen ana) 3) panulis, isih asli apa wis cap-capan, 4) jinise naskah, 5) ukurane naskah, cacahe kaca, 6) cacah larik ing saben kaca naskah, 7) jinis tulisan, 8) kahanan Naskah, 9) kahanan tulisan, 10) lan perkara liya kang gayut karo kahanane naskah.

Pandheskripsiane naskah iku kudu tliti banget, jalaran supaya ora sisip anggone padha nlliti jagade naskah. Mula kanthi cara panliten ngenani naskah iki supaya bisa ndheskripsiake naskah kang miturut panemu sauntara durung nate di dheskripsiake mligene ing jagade filologi.

1.2 Underaning Panliten

Adhedhasar apa kang wis dijlentrehake ing lelandhesaning panliten kasebut, perkara-perkara kang bakal diteliti, yaiku:

- 1) Kepriye dheskripsi Kitab Ngalam Ngibarat?
- 2) Kepriye suntingan teks Kitab Ngalam Ngibarat?
- 3) Piwulang Agama Islam kang kinandhut sajrone Kitab Ngalam Ngibarat?

1.3 Tujuan Panliten

Tujuan panliten tumrap naskah Kitab Ngalam Ngibarat iki yaiku:

- 1) Ngandharake dheskripsi Kitab Ngalam Ngibarat.
- 2) Ngandharake suntingan teks Kitab Ngalam Ngibarat.
- 3) Ngandharake piwulang Agama Islam kang kinandhut sajrone Kitab Ngalam Ngibarat.

METODHE PANLITEN

Ing perangan iki bakal kaandharake ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, instrument panliten, tata cara ngumpulake dhata, lan tata cara ngolah dhata. Babagan kasebut arep diandharake kaya ing ngisor iki:

3.1 Ancangan Panliten

Ancangan panliten iki gegayutan karo sipat dhata kang arep didadekake objek panliten. Panliten iki ngandharake apa-apa kang dijlimeti, dirasakake lan dipikirake kanggo mangerteni teks sastra. Panliten ngenani *Kitab Ngalam Ngibarat* iki kalebu panliten *kualitatif*. Panliten *kualitatif* lumrahe diandharake kanthi nggunakake metode deskriptif analitik. Deskriptif analitik mujudake sawenehing metode kang ditindakake kanthi cara deskripsiake kasunyatan-kasunyatan banjur diwenehi tintingan (Ratna, 2009:53). Kanthi panliten deskriptif analitik diajab panliten iki bisa menehi gambaran kang cetha lan objektif ngenani piwulang sajrone naskah. Panliten iki uga nduweni tujuwan kanggo mangerteni bab-bab sing dumadi dening subjek panliten kanthi deskriptif lan analisis.

Studi filologi kang bakal digunakake sajrone panliten iki yaiku studi filologi modern. Filologi modern kang digunakake sajrone panliten iki sing diandharake Subandiyah, yaiku telaah naskah kang ditintingi adhedhasar kawruh sastra. Kajaba iku kanggo ngonceki bab piwulang sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* bakal ditintingi nggunakake metode hermeneutika. Metode hermeneutika dianggep paling trep kanggo ngonceki naskah iki kang mbutuhake panapsiran. Kanthi nggunakake metode hermeneutika diajab bisa mangerteni makna lan isi kang kinandhut sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat*.

3.2 Sumber Dhata lan Dhata

ing kene bakal dijilentrehake sumber dhata saka ngendi lan dhata awujud tembung utawa ukara.

1) Sumber Dhata

Sumber dhata sing digunakake sajrone panliten iki yaiku naskah kanthi irah-irahan "*Kitab Ngalam Ngibarat*". Naskah kasebut disimpen ing Museum Kambang Putih, Tuban, Jawa Timur. Naskah iki ditulis tangan dening Astadiraja kanthi nggunakake aksara Jawa. Naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* ditulis kanthi tembang cacah 20 pupuh lan

186 kaca. Sumber dhata ing panliten iki yaiku foto kopian naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* saka Museum Kambang Putih, Tuban.

2) Dhata

Dhata mujudake sawenehing bahan kang bakal ditintingi. Dhata sajrone panliten arupa tembung-tembung, apa iku arupa frasa, lan ukara kang asale saka naskah *Kitab Ngalam Ngibarat*. Dhata-dhata kang kajupuk gegayutan karo piwulang sing dadi underane panliten.

3.3 Instrumen Panliten

Instrument yaiku piranti kang digunakake nalika panliten (moleong, 2005:168). Adhedhasar sipate instrument kaperang dadi loro yaiku instrument utama lan instrument tambahan. Panliti minangka instrument kang nyusun ancangan panliten, nglumpukake dhata, nganalisis, nafsirake dhata, lan pungkasane nggawe palapuran saka asil sawijine panliten (Moleong, 2005:168). Instrument tambahan ing kene ngunakake *bolpoin* kang ana 8 wernane lan ngunakake kertas *pembatas*. Kertas *pembatas* iki kanggo tetenger dhata supaya ngampangake mbukak lampirane. *Bolpoin* ing kene nduweni fungsi weneh tanda supaya bisa mbedakake dhata.

3.4 Tatacara Nglumpukake Dhata

Tata cara pangumpulan dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku *teknik pustaka*. Teknik pustaka minangka teknik panglumpukan dhata kang nggunakake sumber dhata kang katulis (kapustakan). Endraswara (2008, 162-163) merang tata cara kanggo ngumpulake dhata panliten iku ana telu, yaiku:

(1) Nemtokake Dhata

Saka sakabehing dhata kang dikumpulake banjur diperang dadi loro, dhata premir lan dhata sekunder utawa dhata panyengkuyung. Dhata premier awujud serat kanthi irah-irahan *Kitab Ngalam Ngibarat* lan dhata skunder yaiku dhata-dhata kang ana gayutane karo piwulang laras karo underane panliten yaiku piwulang agama Islam.

(2) Nyathet Dhata

Nyathet dhata kanthi cara (1) latian kanthi bener supaya bisa nyathet kanthi teliti, (2) nyathet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, (3) nyathet tembung-tembung kang ora dimangerteni.

(3) Weneh Tandha ing Dhata

Weneh tandha ing dhata yaiku kanggo mbedakake dhata, sing kalebu piwulang siji lan liyane. Tandha ing dhata iki supaya nggampangake panliti anggone nglakoni panliten. Tandha-tandha kang digunakake yaiku:

- a. Tandha werna abang kanggo nengeri tembung-tembung kang durung dimangerteni.
- b. Tandha werna kuning kanggo nengeri suntingak teks.
- c. Tandha werna ijo kanggo nengeri tembung kang nggunakake basa Arab.
- d. Tandha werna biru kanggo nengeri ukara kang ngandhut piwulang Agama.

3.5 Tatacara Ngolah Dhata

Teknik ngolah dhata digunakake kanggo jawab apa kang ana sajrone undheraning panliten. Tata cara pangolahe dhata digunakake supaya gamblang lan cetha sajrone ninthingi naskah. Tata cara ngolah dhata panliten minangka gambaran ngenani sakabehe trap-trapan kang bakal ditindakake panliti sajrone panliten. Trap-trapan panliten ing panliten iki nggunakake sawenehing cara kang dianggep laras klawan sipate panliten. Kanthi nggatekake objek panliten kang arupa teks naskah lawas, mula trap-trapane panliten ing antarane:

1) Ngandharake deskripsi lan isi naskah

Deskripsi naskah kang bakal diandharake ing panliten iki yaiku irah-irahane naskah, nomer naskah (yen ana), panulise lan wektu panulisane, ukurane naskah, cacah kaca naskah, cacah larik saben sakaca, basane naskah, lan liya-liyane kang ana sajrone naskah lan teks kasebut.

2) Transliterasi Naskah

Transliterasi naskah ditindakake supaya bisa diwaca lan dimangerteni masyarakat ing bebrayan agung. Transliterasi iki ora mung kanggo mindhah ing lan ngganti aksara-aksara lawase wae, nanging uga kanggo ngganti aksara tartamtu saka sawijining bangsa nganggo aksara liya supaya bisa

dimangerteni. Transliterasi yaiku ngganti jinise tulisan, aksara mbaka aksara, saka abjad siji mbaka abjad liyane. Tujuwan sajrone naskah yaiku nepungake teks-teks kang kasimpen sajrone naskah kang wis ora dikenal lan dimangerteni dening masyarakat modern (Purnomo, 2007:35-36).

3) Nyunting teks naskah *Kitab Ngalam Ngibarat*

Suntingan naskah yaiku perangan ilmu filologi kang digunakake kanggo nyepakake naskah utawa manuskrip kang dianggep bisa nakili kanggo edisi ilmiah teks (Purnomo, 2013:24). Suntingan teks ing panliten ini nggunakake prinsip filologi modern. Naskah diteliti tanpa mbandhingake naskah liyane kang sajinis, jalaran panliten iki ora nengenake naskah kang nyedhaki asline. Suntingan teks ing panliten iki nggunakake edisi diplomatic, teks disunting kanthi apa anane tanpa ngowahi ejaan, lan panyaru ngenani kakliruwan-kakliruwan teks. Teks kang ngalami owah-owahan kasebut banjur dicathet lan diwenehi panyaru ing aparat kritik, saengga bisa ditapsirake dening pamaos. Aparat kritik minangka cathetan kritis ngenani teks kang diteliti.

4) Ngolah Dhata lan Napsirake

Tembung-tembung kang ngandhut piwulang utawa tuntunan urip dadi pangolahing dhata sajrone panliten iki. Piwulang kang tinemu sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* ditintangi banjur diandharake. Sajrone nintingi piwulang kang kinandhut ing *Kitab Ngalam Ngibarat* nggunakake teknik *axial coding* yaiku merang-merang utawa *categorizing*. Piwulang kang ana sajrone teks diwenehi kode lan dideskripsikake banjur dianalisis. Piwulang kasebut diperang-perang miturut konsep-konsep kang wus diandharake ing sadurunge.

. Panliten iki uga nggunakake metode hermeneutika. Hermeneutika digunakake sajrone panliten amarga mbutuhake penapsiran supaya bisa mangerteni lan mikolehi isi kang kinandhut sajrone naskah.

Ngalam Ngibarat. Isi saka bab IV iki uga bisa diarani asil panintinge dhata utawa andharan.

4.1 Deskripsi naskah

Deskripsi naskah nduweni tujuwan kanggo ngandharake kahanane naskah supaya kang maca

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Sajrone bab iki bakal dijlentrehake ngenani deskripsi naskah, suntingan teks, wujud lan isi sajrone naskah, uga piwulang sajrone naskah *Kitab*

saliyane ngerteni isine naskah uga ngerteni kahanane naskah kang digunakake kanggo obyek panliten iki. Bab-bab sajrone deskripsi naskah antarane, irah-irahan naskah, panulis lan waktu panulisan, aksara naskah, bahan naskah, ukuran lan cacah kaca, wujud naskah, lan liya-liyane kang gegayutan karo kahanan fisik naskah.

4.1.1 Irah-irahan Naskah

Irah-irahan naskah biasane manggon ana ing bageyan ngarep kang diarani manggala utawa ing mburi kang diarani kolofon. Ora saben naskah mesthi ana irah-irahane. Naskah kang ora nduweni irah-irahan bisa ditemtokake dhewe dening panliti kanthi cara ndeleng isi naskah, pangripta, topik lan prakara-prakara liya kang isine ngenani gambaran utawa isine naskah.

4.1.2 Papan Nyimpen Naskah lan Nomer Naskah

Saben naskah mesthi nduweni panggonan asal. Naskah ing panliten iki asale saka Museum Kambang Putih, Kabupaten Tuban. Naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* isih asli, nanging samak wis diganti karo petugas Museum Kambang Putih. Samak Naskah diganti supaya naskah ora gampang rusak. Naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* ora ana nomere.

4.1.3 Panulis lan Waktu Panulisan

Panulis sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* iki kalebu panulis kang nyebutake jeneng lan kapan naskah iki ditulis kanthi cetha. Panulis biasane nyebutake jati dir lan kapan wektu panulisan naskah ing bebukaning utawa pungkasaning naskah utawa diarani manggala utawa kolofon. Manggala yaiku bageyan bebukaning naskah kang arupa puji-pujian dene kolofon yaiku bageyan pungkasaning naskah kang arupa cathetan. Beda klawan pangripta liya, kadhang kala ana saperangan pangripta kang tinulis mawa sandhi kaya dene sandhi asma lan sandhi sengkalan. Ana uga saperangan naskah kang ora diweruhi sapa pangripta (diarani *anonim*) lan kapan anggone ngripta.

Sajroning naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* iki, panulis lan wektu panulisan ditulis ing bageyan pambuka. Kanthi cetha panulis nyebutake jeneng lan kapan nulise.

4.1.4 Aksara Naskah

Jinis aksara kang dadi obyek panliten iki yaiku aksara Jawa gagrag anyar. Aksara Jawa kang digunakake sajrone naskah iki kaperang saka aksara Jawa lan pasangane, angka Jawa, aksara Murdha, aksara Swara lan sandhangan. Nanging uga ana saperangan angka Jawa kang ditulis kanthi aksara latin

4.1.5 Bahan Naskah

Bahan kertas naskah iku biyasane saka lontar, kulit kayu, kulit kewan, kertas lan sapiturute. Bahan naskah sing kaya mangkono mau kudu dirumat kanthi cara sing tartamtu, supaya bahan naskah bisa tetep apik. Naskah mau dirumat kanthi cara lan bahan kimia tartamtu.

Serat *Kitab Ngalam Ngibarat* iki bahane saka kertas, kertase HVS wernane kertase rada coklat. Bahan *Kitab Ngalam Ngibarat* iki kagolong apik. Ukuran kertas cendhek kaya wujud kerta A5.

4.1.6 Ukuran Naskah lan Kahanan Naskah

Ing perangan iki bakal diandharake bab ukurane naskah lan kahanane naskah, kaya ing ngisor iki:

1) Ukurane Naskah

No	Bab	Andharan
1	Cacah kaca	Naskah iki kasusun saka 187 kaca. 94 lembar.
2	Ukuran naskah	Amba : 16 cm Dawa: 20,6 cm Kandel naskah : 2,2 cm
3	Cacah larik saben kaca	12 larik
4	Ukuran tulisan	0,5 cm
5	Dawane aksara saben larik	14 cm
6	Ukuran tengen	2 cm
7	Ukuran kiwa	1,5 cm
8	Ukuran ndhuwur	1,5 cm
9	Ukuran ngisor	2 cm

2) Kahanane Naskah

Naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* minangka objek panliten iki, kanthi fisik kahanane samak wis ora asline, wis diganti karo penjaga museum. supaya tetep bisa awet, aksarane uga isih cetha

banget. *Kitab Ngalam Ngibarat* iki kasusun saka 187 lembar.

Kitab Ngalam Ngibarat iki ditulis nganggo aksara Jawa awujud tembang. Kahanane tulisane *Kitab Ngalam Ngibarat* isih cetha lan bisa diwaca kanthi gamblang, ora ana tulisan kang mblobor. Panulis naskah iki nggunakake tinta warna ireng sarta nggunakake tulisan tangan kang rapi.

4.1.7 Basane Naskah

Basa nduweni fungsi kang utama kanggo sarana medarake isi lan tujuwane pangripta marang pamaos. Basa sastra yaiku basa kang asipat khas, kang mung digunakake karo sawijining pangripta. Pangripta sastra kadangkala ngunakake basa kang rasa nyimpang saka basa kang digunakake sabendinane lan normal, saengga pangripta anggone nyerat sastra nggunakake basa kang istimewa (Teeuw, 1984:70).

Semi (1993:81) ngandharake yen kaendahan karya sastra kuwi dijalari dening kaprigelan panulis anggone ngolah basa saengga bisa nuwuhake kaendahan. Basa sajrone karya sastra Jawa Kuna kaya naskah, lumrahe nggunakake basa kawi, nanging kadhang kala ya wis akeh kang nggunakake basa Arab lan basa Jawa Anyar. Prakara kuwi dijalari amarga saya majune jaman lan kaprigelan panulis kang mangerteni maneka ragam basa. Basa kang digunakake ing serat *Kitab Ngalam Ngibarat* yaiku:

1. Basa Jawa

Basa Jawa yaiku basa kang digunakake minangka sarana kanggo cecaturan sebendina ing masyarakat kang manggon ana tlatah Jawa. Basa Jawa ora mung kanggo cecaturan, nanging uga lumrah digunakake ing sajrone panulisan kasusatan Jawa. Sajrone basa Jawa uga ana Undha-usuk basa yaiku tingkat tutur basa Jawa. Miturut undha-usuke basa, ragam basa Jawa diperang dadi telu yaiku ngoko, madya, lan krama (Poedjasoedarma sajrone sasangka, 2010:15-16). Sajrone serat *Kitab Ngalam Ngibarat*, ragam basa Jawa kang digunakake dening pangripta yaiku:

a) Ragam Krama

Ragam krama bisa digunakake kanggo caturan karo wong kang luwih tuwa utawa karo wong kang durung tepung nanging umur utawa drajate padha. Miturut Sasangka (2010:112), ater-

ater lan panambang kang digunakake sajrone ragam iki yaiku {dipun-}, {-ipun}, {-aken}.

b) Ragam Ngoko

Ragam ngoko bisa digunakake kanggo caturan karo wong kang wis tepung utawa sawung akrab lan wong kang luwih nom. Miturut Sasangka (2010, 102), ater-ater lan panambang kang digunakake sajrone ragam iki yaiku {di-}, {-e}, {-ake}.

2. Tembung Kawi

Tembung kawi minangka kang digunakake nalika jaman kuna. Tembung kawi uga dikenal dadi basa kuna isih digunakake nganti jaman saiki. Sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat*, pangripta uga nggunakake Tembung kawi.

3. Tembung Arab

Kejaba nggunakake basa Jawa lan Tembung Kawi, sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat* nggunakake Tembung Arab. Tembung Arab iku digunakake nalika jaman Jawa pesisiran.

4.1.8 Wujud Naskah lan Isine Naskah

ing perangan iki bakal diandharake ngenani wujud naskah lan isine naskah, kaya ing ngisor iki:

1) Wujud Naskah

Wujud obyek panliten kanthi *Kitab Ngalam Ngibarat* yaiku tembang Jawa utawa tembang macapat. Tembang macapat kang ana sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* cacahé ana lima, yaiku smaradana, kinanthi, sinom, mijil, maskumambang. Tembang kang ana ing naskah iki ana 20 pupuh, yaiku pupuh I Semaradana 35 pada, pupuh II Dhandanggula 11 pada, pupuh III Merak Kacancang 9 pada, pupuh IV Sinom 15, pupuh V Kinanthi 11 pada, pupuh VI Sablabak 21 pada, pupuh VII Mijil 19 pada, pupuh VIII Kinanthi 29 pada, pupuh IX Semaradana 22 pada, pupuh X Sinom 22 pada, pupuh XI Dhandhanggula 27 pada, pupuh XII Sinom 15 pada, pupuh XIII Dhandhanggula 30 pada, pupuh XIV Kinanthi 13 pada, pupuh XV Maskumambang 12 pada, pupuh XVI Rangsang 23 pada, pupuh XVII Sinom 20 pada, pupuh XVIII Dhandhanggula 20 pada, pupuh XIX Mijil 12 pada, pupuh XX Semaradana 13 pada.

2) Isine Naskah

Isine naskah bakal dijlentrehake saben pupuh, ing *Kitab Ngalam Ngibarat* ana 20 pupuh.

Saben pupuh nyritakake bab agama islam la nana gegayutane saben pupuh.

4.2 Suntingan Teks lan Trap-trapan Paugeran Tembang Macapat

Perangan iki bakal diandharake ngenani suntingan teks lan trap-trapan paugeran tembang macapat. Trap-trapan iki digunakake kanggo ngandharake sajrone naskah wis bener apa durung paugerane. Luwih gambling bakal diandharake ana ing ngisor iki.

4.2.1 Suntingan Teks

Suntingan teks yaiku pakaryan nyunting utawa ngedit. Suntingan teks kang diandharake minangka transliterasi saka naskah *Kitab Ngalam Ngibarat*. Sajrone suntingan teks ana saperangan tata cara kang kudu dilakoni kayata: lelandhesaning suntingan teks, asiling suntingan teks, lan komentar.

Sajrone panliten naskah *Kitab Ngalam Ngibarat*, terbitan teks kang digunakake yaiku edisi *diplomatik* lan edisi naskah tunggal. Bab-bab kang digunakake panliti sajrone edisi *diplomatik* antarane: (1) naskah ditulis (transliterasi) kaya asline, (2) kaluputan naskah dituduhake kanthi tandha kang cetha, lan (3) sawise dibenerake diwenehi panyaru utawa komentar ngenani owah-owahaning teks. Panliti nggunakake edisi *diplomatik* supaya pamaca bisa gampang anggone mangerteni asiling panliten iki.

1) Lelandhesaning Suntingan Teks

Lelandhesaning suntingan teks adhedhasar tembung-tembung kang ana sajrone Bausastra Jawa lan kamus Pepak Basa Jawa. Saliyane iku uga ngandharake tandha kang digunakake ing suntingan teks naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* yaiku:

Tandha-tandha kang digunakake ing suntingan teks:

- a. / tandha kasebut mertandhakake sagatra
- b. // mianangka tandha sapada sajroning tembang
- c. [...] digunakake kanggo tembung ing basa Arab
- d. {...} digunakake kanggo tembung kang ditambahi kanggo ngepasne guru gatrane.

- e. (...) digunakake kanggo tembung kang dikurangi kanggo ngepasake guru gatra.
- f. <...> digunakake kanggo tembung kang ora trep guru lagune.
- g. Tandha garis ngisor (.....) digunakake kanggo tembung kang bakal diwenehi komentar.

2) Asil Suntingan Teks

Asiling transliterasi tulisan aksara jawa sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* bakal disunting adhedhasar perangan pupuh kang ana sajroning naskah. Pupuh kang disunting yaiku pupuh II Dhandhanggula, Pupuh V Kinanthi, Pupuh XII Sinom, Pupuh XV Maskumambang, Pupuh XIX Mijil, lan XX semaradana. Pupuh iki dipilih dadi suntingan amarga sajroning pupuh iki panliti nemokake bab-bab kang narik kawigaten panliti.

3) Aparat Kritik

Aparat kritik tujuwane kanggo mangerteni wujud teks kang luput lan bener, adhedhasar makna kang kinandhut sajroning teks. Sakabehe andharan kang ngemu argument arupa pamawas ngenani sekabehe varian kang tuwuh lan perangan kang dipilih kanggo terbitan ilmiah bisa diwujudake sajroning aparat kritik (Purnomo, 2007:53).

4) Komentar

Komentar mujudake sakabehe andharan kang *argumentative* saka aparat kritik. Komentar iki nduweni sipat *fungsional*, amarga nduweni fungsi kang wigati sajroning edisi teks (Purnomo, 2007:52). Komentar ing panliten kanthi obyek naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* iki ora kabeh tembung diwenehi komentar, amarga komentar kang diwenehi adhedhasar saka tembung kang narik kawigatene panliti, ora trep panulisane ing kamus, kurang trep panggunane metrum tembang lan tembung kang salah panulisane.

4.2.2 Trap-Trapan Paugeran, Watak, lan Sasmita Tembang Macapat

Panulisan tembang ora bisa ditulis sakarepe dhewe, ana paugeran-paugeran tartamtu utawa tetenger tartamtu sajroning panulisan tembang macapat. Naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* bakal dianalisi miturut struktur puisi kang kaperang ana telu yaiku: 1) paugeran tembang macapat, 2) wataking tembang macapat, 3) sasmitaning

tembang macapat. Sasmitaning tembang dhewe diperang dadi loro yaiku: (1) sasmita dumunung ana ing bebukaning pupuh, isi pituduh jenenge pupuh iku, (2) sasmita kang dumunung ana ing wekasaning pupuh, isi pituduh arane pupuh candake, yaiku jejenge pupuh ing salebare pupuh iku.

4.3 Piwulang Agama Sajrone Naskah

Piwulang agama yaiku pranata utawa piwulang kanggo lelandhesane urip. Agama Islam kaperang ana telung aspek kang bisa dadi lelandhesane uripe manungsa yaiku syariah, akidah, lan akhlak (Anshari, 2004:44). Adhedhasar isi naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* kang wis diandharake, mula piwulang-piwulang agama sajrone naskah diperang dadi telung wujud, yaiku syariah, akidah, lan akhlak. Andharan bakal dijilentrehake ing bab sabanjure:

4.3.1 Syariah

Syariah yaiku sakabehe kang cundhuk karo prentah Gusti Allah. Sajrone aspek hukum sing mlebu kategori syariah yaiku nyakup aturan ngenani hubungan antarane manungsa marang Gusti Allah lan nyakup aturan ngenani hubungan antarane manungsa karo manungsa liyane (Syafaq, dkk. 2011:61). Syariah wajib ditindakake dening manungsa kang nduweni akal, kang wus baligh utawa diwasa. Syariah sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* yaiku sembahyang, mbangun balewisma, narima karsaning Allah, lan tobat. Sakabehe syariah bakal diandharake kanthi cetha.

4.3.2 Akidah

Akidah yaiku piwulangan utawa kapercayan marang Allah kanthi ngakoni sakabehe sipat lan wujud Allah, nekakake katentreman ana jiwa, dadi kapercayan sing ora ana rasa ragu (Syafaq, dkk. 2011:58). Akidah iku kang nduweni sesambungan karo kekuwasaning Gusti pangeran lan nuduhake yen Gusti Allah iku ana. Sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* iki kang kalebu akidah yaiku sipat-sipate Allah, iman, percaya marang malaikat, lan asale manungsa. Sakabehe akidah bakal diandharake kanthi cetha.

4.3.3 Akhlak

Akhlak yaiku tingkah polah utawa tumindak manungsa kanthi sadar kanggo nglakoni tumindak kang becik (syafaq, dkk, 2011:66). Akhlak diperang ana loro yaiku akhlak akhlak mazmumah lan

akhlak mahmudah. Akhlak mazmumah yaiku tumindak kang ala, akhlak mahmudah yaiku tumindak kang becik. Sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* iki kang kalebu akhlak yaiku andhap asor, bekti marang guru, bekti marang wong tuwa, ngabekti sajrone balewisma, lan sabar. Sakabehe akhlak bakal diandharake kanthi cetha.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Adhedhasar panliten kang wis ditindakake tumrap Naskah *Kitab Ngalam Ngibarat*, bisa didudut yen naskah kang kasimpen ing Museum Kambang Putih Tuban. Naskah iki samak jaba wis diganti, supaya tetep rapi lan ora gampang rusak. Naskah iki ing museum diwenehi irah-irahan Serat Minangkane. Irah-irahan naskah banjur diowahi dening panliti dadi *Kitab Ngalam Ngibarat* amarga ing jerone naskah sinurat jeneng *Kitab Ngalam Ngibarat*. Bab ngenenai pangripta lan wektu panulisane ana ing kaca sepisanan naskah utawa purwakane naskah.

Naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* mujudake sawijining karya sastra kang kalebu kasrya sastra Jawa Pesisiran. Bab kasebut bisa diwawas saka isi lan basa kang digunakake. Naskah iki awujud tembang macapat (Asmaradana, Maskumambang, Kinanthi, Sinom, Mijil). Basa kang digunakake yaiku basa Jawa, basa Kawi, lan basa Arab. Adhedhasar isine, naskah iki luwih didominasi karo piwulang Agama Islam.

Kanggo mangerteni yen ana kaluputan *Kitab Ngalam Ngibarat*, panlitinindakake suntingan teks. Saka asiling suntingan teks banjur bisa dimangerteni yen akeh kaluputan kang ditindakake dening pangripta. Kaluputan kasebut bisa jalaran kawruhe pangripta kang kurang utawa ora disengaja. kaluputan kasebut bisa dideleng saka anggongone ngripta tembung-tembung lan nerapake ana ing paugeran tembang macapat.

Adhedhasar asiling panliten Piwulang agama sajrone *Kitab Ngalam Ngibarat* iki diperang dadi telu yaiku syariah, akidah, lan akhlak. Syariah yaiku sakabehe kang cundhuk karo prentah Gusti Allah. Piwulang kang kalebu sajrone syariah yaiku Sembahyang, Mbangun Balewisma, narima karsaning Allah, lan Tobat. Akidah yaiku piwulang utawa karsaning marang Gusti Allah kanthi ngakoni sakabehe sipat lan wujud Gusti Allah. Piwulang kang kalebu sajrone akidah yaiku Allah

iku tunggal, Iman, Percaya marang malaikat, lan asale manungsa. Akhlak yaiku tingkah polah utawa tumindake manungsa. Piwulang kang kalebu akhlak yaiku bekti marang Allah, bekti marang Guru, bekti marang wong tuwa, bekti sajrone balewisma, lan sabar.

Piwulang agama sajrone naskah *Kitab Ngalam Ngibarat* nduweni fungsi kanggo kang maca. Guna piwulang kasebut yaiku nuwuhake nilai agama supaya manungsa bisa tumindak becik lan tansah ngibadah marang Gusti Allah saengga bisa antuk kanugrahan lan bisa mlebu Swarga.

5.2 Pamrayoga

Panliten iki isih akeh kekurangane lan adoh saka aran sampurna jalaran panliten iki mung saperangan ngandharake bab agama kang bisa dadi tuntunan tumrap pamaca. Senajan kaya mangkono panliten iki diajab bisa menehi sumabng sih tumrap panliten-panliten naskah lawas sabanjure.

Saliyane iku, para pamaca uga diajab supaya bisa paring pamikiran anyar marang kasusastran Jawa, mligine sastra tradhisi. Jalaran sajrone sastra tradhisi kayata naskah, ngemu saperangan piwulang-piwulang urip ing bebrayan, uga piwulang agama. saliyane iku, nлити karya sastra tradhisi minangka sawijining tumindak kanggo nguri-uri kabudayan Jawa, mligine naskah lawas supaya ora muspra.

KAPUSTAKAN

- Anshari, Endang Saifudding. 2004. *Wawasan Islam*. Bandung: Gema Insani Press
- Baried, Siti Baroroh. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Baried, Siti Baroroh. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas (BPPF) Universitas Gdjah Mada.
- Darnawi, Soesatyo. 1964. *Pengantar Puisi Djawa*. Djakarta: P.N. Balai Pustaka.
- Dewi, Kusuma Setyoniti. 2013. *Aspek Religius Sajroning Naskah Jaka Seliwah*. Skripsi: tidak diterbitkan
- Djamaris, Edwar. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV. Manasco.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra; Epitepilohi, Model, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- Hayat, Faris Syaiful. 2012. *Nilai Sufistik Sajrone Naskah Sayidil Makrifat*. Skripsi: tidak diterbitkan
- Hisbullah. 2005. *Dasar-Dasar Pendidikan*. Jakarta: Rajagrafindo Persada
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Yogyakarta: Soejadi
- Poerbatjaraka, R. M. Ng. 1952. *Kapustakan Djawi*. Djakarta: Djambatan
- Purnomo, Bambang S. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama: Sebuah Pengantar Ringkas*. Surabaya: Perwira Media Nusantara.
- Rasjid, H. Sulaiman. 2010. *Fiqh Islam*. Bandung: Sinar Baru
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode dan Teknik penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar
- Reni Laila Wati. 2014. *"Piwulang Agama Sajrone Naskah Kitab Thareq"*. S1- Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa Unesa.
- Saputra, Karsono H. 2004. *Pengantar Filologi Jawa*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra
- Sasangka, Sry Satriya Wisnu. 2010. *Ungguh-Ungguh Bahasa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa*. Malang: Aditya Media Publishing
- Semi, M. Atar. 2003. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa
- Siswanto, 2010. *Metode Penelitian Sastra Analisa Struktur Puisi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Subandiyah, Heny. 2007. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press
- Sudardi, Bani. 2003. *Penggarapan Naskah*. Surakarta: Badan Penerbit Sastra Indonesia (BPSI).
- Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Sumaryono, E. 2013. *Hermeneutika Sebuah Metode Filsafat*. Yogyakarta: Kanisius.
- Suryani, Elis. 2012. *Filologi*. Bogor: ghalia Indonesia
- Syafaq, dkk. 2011. *Pengantar Studi Islam*. Surabaya: IAIN Sunan Ampel Press.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya